

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Upacara adat Ngalaksa mangrupa salasahiji tradisi masarakat Rancakalong nu masih kénéh aya nepi ka ayeuna. Ieu upacara matuh dilaksanakeun sataun sakali salila kurang leuwih lima poé dina bulan Juli. Aya lima désa (rurukan) nu biasa ngalaksanakeun upacara adat Ngalaksa, nya éta Désa Rancakalong, Désa Cibunar, Désa Nagarawangi, Désa Pamekaran, jeung Désa Pasirbiru kalayan Désa Rancakalong salaku tempat upacarana.

Kabiasaan nyieun laksa mimiti aya taun 1620-an mangsa Sumedang dina kakawasaan Karajaan Mataram. Masarakat Sumedang harita boga tugas nyieun kadaharan pikeun bekel perang. Harita, masarakat Rancakalong nyieun kadaharan mangrupa laksa sarta unggal panén disetorkeun ka Cirebon salaku puseur perbekalan Karajaan Mataram. Ti mimiti harita masarakat Rancakalong sok nyieun laksa tug nepi ka ayeuna.

Upacara dilaksanakeun dina sababaraha tahap utama, nya éta tahap babadamian, béwara, mera, meuseul, jeung lekasan. Tapi, dina prak-prakanana mah aya tahapan séjén nu kudu dilaksanakeun, saperti ayana tahap ngalungsurkeun paré jeung nginebkeun béas ka pangineban. Tahap meuseul dilaksanakeun dua kali, nya éta sanggeus bérés ngalungsurkeun sarta dina tahap lekasan. Lekasan sorangan dilaksanakeun dina poé pamungkas, sabab lekasan

mangrupa acara puncak dina upacara adat Ngalaksa. Hasil ahir dina lekasan mangrupa laksa nu engkéna dibagikeun ka masarakat nu hadir.

Maksud jeung tujuan dilaksanakeunna upacara adat Ngalaksa, di antarana:

- 1) Sarana pikeun ngalaksanakeun pemujaan ka Pangéran nu nyiptakeun alam katut eusina.
- 2) Sarana pikeun ngahormat ka Déwi Sri.
- 3) Pikeun nyumponan amanat dina raraga meunangkeun kabarokahan ti Déwi Sri tina hasil panén nu mucekil.

Upacara adat Ngalaksa mibanda ajén-inajén sosial nu kalintang penting pikeun kahirupan masarakat Rancakalong, di antarana: musawarah, gotong-royong, persatuan jeung kesatuan, kesetiakawanan sosial, asas mangpaat, pengendalian sosial, komunikasi, jeung silaturahmi. Ajén-inajén ieu henteu kabéh katémbong langsung sarta dihaja, tapi sacara teu sadar masarakatna sorangan nu nyiptakeun éta ajén.

Tina pedaran di luhur bisa dicindekkeun yén upacara adat Ngalaksa kudu terus dijaga tur dimumulé ku masarakat sangkan henteu tumpur sabab dina upacara adat Ngalaksa nyangkaruk ajén-inajén sosial nu penting pikeun kahirupan masarakat. Ieu hasil panalungtikan ogé bisa dijadikeun bahan pangajaran di SMA.

5.2 Rékoméndasi

Sanggeus ngaréngsékeun panalungtikan ngeunaan upacara adat Ngalaksa, nu nyusun miharep hasil ieu panalungtikan bisa ngeuyeuban pangaweruh nu maca, hususna ngeunaan tradisi-tradisi di masarakat Sunda. Ku sabab kitu, nu

nyusun méré saran ka sababaraha pihak, di antarana ka pihak lembaga pendidikan, pihak guru, pihak siswa, sarta pihak masarakat.

1) Pihak lembaga pendidikan

Dumasar kana hasil panalungtikan, upacara adat Ngalaksa bisa dijadikeun bahan ajar, sabab salian ti déskripsi ngeunaan upacara adat Ngalaksa ogé aya ajén-inajén sosial nu bisa diajarkeun.

2) Pihak guru

Hasil panalungtikan bisa jadi bahan ajar pikeun guru sangkan siswa apal tur ngarti ngeunaan upacara adat sarta ajén-inajén nu nyangkaruk dina upacara adat. Guru kudu pinter-pinter ngadéskripsikeun sangkan babari kacangking ku siswa.

3) Pihak siswa

Siswa kudu wanoh kana kabudayaan sorangan sarta bisa ngajaga tur ngamumulé éta kabudayaan.

4) Pihak masarakat

Masarakat kudu bisa nyangking naon maksud jeung tujuan upacara nepi ka bisa nyokot hal-hal nu positif sarta bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé.